## Qaraqalpaqstan Respublikasında jumıs alıp barıwshı isbilermenlik subyektleri ushın jaratılǵan keń múmkinshilikler haqqında

| T/n | Imtiyaz hám jeńillik mazmunı | Huquqıy tiykar | Tolıq maǵlıwmat |
|---|---|---|---|
| **1** | Bahası **100 mıń AQSH dollarınan 500 mıń AQSH dollarına shekemgi** bolǵan investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıwshılar ushın jer uchastkaları tikkeley ajıratıladı. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-10-sanlı Pármanı, 27.01.2025-j. | X |
| **2** | Milliy valyutada joybarlardıń qarjılandırıw ushın jıllıq **14 procent** stavkada, **7 jılǵa shekemgi** múddetke, **2 jıllıq** jeńilletilgen dáwir menen kreditler ajıratıladı. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-10-sanlı Pármanı, 27.01.2025-j. | X |
| **3** | Gúnji hám másh eginlerin jetistiriw ushın jıllıq **14 procent** stavkada **6 aylıq** jeńilletilgen dáwir menen **12 ay** múddetke kreditler qamsızlandırıw támiynatı menen girewsiz ajıratıladı. | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 331-sanlı qararı, 27.05.2025-j. | https://lex.uz/docs/7545508 |
| **4** | Sanaat kárxanalarınıń paydalanǵan **elektr energiyası bahalarına shegirmeler** beriledi. | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 194-sanlı qararı, 31.03.2025-j. | https://lex.uz/docs/7458466 |
| **5** | Májbúriyatlardı tolıq orınlaǵan sanaat zonaları qatnasıwshıları imarat-obyektlerdi belgilengen **múddetke qaramastan menshiklestiriwi** múmkin. Sonday-aq, menshiklestirilip atırǵan jer | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-248-sanlı qararı, 4-bánti, 14.08.2025-j. | https://lex.uz/docs/7685398 |

| T/n | Imtiyaz hám jeńillik mazmunı | Huquqıy tiykar | Tolıq maǵlıwmat |
|---|---|---|---|
| | uchastkalarınıń bahası basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda **10 esege** arzanlastırılǵan. | | |
| **6** | Ruda emes paydalı qazılmalardı qayta islewdi shólkemlestirgen isbilermenlerge **jer astı uchastkalarınan paydalanıw huqıqı** ushın tólemlerdi bólip-bólip tólew imkaniyatı beriledi. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-248-sanlı qararı, 4-bánti, 14.08.2025-j. | https://lex.uz/docs/7685398 |
| **7** | Barlıq qala hám rayonlarda joqarı texnologiyalarǵa tiykarlanǵan, eksportqa qolaylı hám importtıń ornın basatuǵın tovarlardı islep shıǵarıwshılarǵa **"Nókis" erkin ekonomikalıq zonasınıń** qatnasıwshısı **statusı beriledi**. Onda isbilermenlerge qolaylı **salıq hám bajıxana jeńillikleri** qollanıladı. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-66-sanlı qararı, 3 hám 10-bántleri, 09.02.2024-j. | https://lex.uz/docs/6797659 |
| **8** | **2031-jıl 1-yanvarǵa shekem** Moynaq rayonındaǵı jergilikli sanaat, awıl xojalıǵı hám xızmetler tarawlarındaǵı isbilermenlik subyektlerine salıq stavkaları **1 procent.** | Salıq kodeksi, 483-statya 16-bólimi | *https://lex.uz/docs/4674902* |
| **9** | **2028-jıl 1-yanvarǵa shekem** Qaraqalpaqstan Respublikasınıń barlıq rayonlarında jumıs alıp barıp atırǵan isbilermenlik subyektlerine salıqlar **2 esege azaytıldı**. | Salıq kodeksi, 483-statya 39-bólimi | *https://lex.uz/docs/4674902* |
| **10** | Isbilermenler tárepinen bahası **50 milliard** sumnan aslam investiciyalıq joybarlar ámelge asırılatuǵın bolsa, zárúr infrastruktura obektleri **mámleket tárepinen** jaratıp beriledi. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-25-sanlı Pármanı, 2-bánti, 23.11.2021-j. | https://lex.uz/docs/5739825 |

| T/n | Imtiyaz hám jeńillik mazmunı | Huquqıy tiykar | Tolıq maǵlıwmat |
|---|---|---|---|
| 11 | **2027-jıl 1-yanvarǵa shekem** aukcionda satıp alınǵan mámleketlik kóshpes múlk obyektleriniń bahasın **7-10 jılǵa bólip tólew** yamasa **3 ay** ishinde tolıq tólengende **25 procent shegirme** beriledi. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-264-sanlı qararı, 1-bánti, 30.05.2022-j.<br><br>Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-10-sanlı Pármanı, 27.01.2025-j. | https://lex.uz/docs/6039685<br><br>X |
| 12 | Suwıtqıshlı ıdıslardı qurıw, úskenelew hám elektr energiyası qárejetleriniń **150 million** sumǵa shekemgi bólegi **mámleket tárepinen** qaplap beriledi. | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 632-sanlı qararı, 29.11.2023-j. | https://lex.uz/docs/6680539 |
| 13 | **3 juldızlı** kategoriyaǵa aylandırılatuǵın bar miymanxanalardıń hár bir xanası ushın **20 million** sumnan **subsidiya** ajıratıladı. | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 287-sanlı qararı, 16.05.2024-j. | https://lex.uz/docs/6930272 |
| 14 | **2026-jıl 31-dekabrge shekem** Shımbay, Xojeli, Beruniy hám Nókis rayonlarında qurılatuǵın miymanxana hám kishi otellerdiń hár bir bólmesine **10** millionnan **20** millionǵa shekem **subsidiya** ajıratıladı. | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 919-sanlı qararı, 30.12.2024-j. | https://lex.uz/docs/6980553 |
| 15 | **2027-jıl 1-yanvarǵa shekem** Ámiwdárya, Ellikqala, Moynaq hám Taxtakópir rayonlarınıń tawlı hám shól aymaqlarında turizm xızmetlerin | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 383-sanlı qararı, 19.06.2025 j. | https://lex.uz/docs/7584573 |

| T/n | Imtiyaz hám jeńillik mazmunı | Huquqıy tiykar | Tolıq maǵlıwmat |
|---|---|---|---|
| | kórsetiwshi isbilermenlerge **80 millionnan 100 million** sumǵa shekem **subsidiya** ajıratıladı. | | |
| **16** | Qaraqalpaqstan Respublikasında bahası **100 million AQSh** dollarınan aslam bolǵan jasalma intellekt infrastrukturasın jaratıw joybarları boyınsha investorlarǵa **jeńillik** hám **preferenciyalardıń arnawlı paketi** usınıladı. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-189-sanlı Pármanı, 22.10.2025-j. | https://lex.uz/docs/7789403 |
| **17** | Qaraqalpaqstan Respublikasında rayonlardıń orayların **alıs aymaqlar menen baylanıstıratuǵın** qala átirapı yamasa wálayat ishindegi qalalararalıq **rentabelsiz turaqlı avtobus** hám **mikroavtobus jónelislerinde** kórilgen zıyannıń **40 procentke shekemgi** muǵdarı qaplap beriledi. | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 725-sanlı qararı, 14.11.2025 j. | https://lex.uz/docs/7842967 |
| **18** | **Duzdı qayta islew** ushın shólkemlestiriletuǵın **"Kungrad Salt Free Zone"** sanaat zonasında investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıwdı baslaǵan isbilermenlerge **5 jıl** múddetke "Nókis" erkin ekonomikalıq zonasınıń **qatnasıwshısı statusı** beriledi. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-333-sanlı qararı, 03.11.2025-j. | https://lex.uz/docs/7812318 |
| **19** | **"Kungrad Salt Free Zone"** sanaat zonasında joqarı texnologiyalarǵa tiykarlanǵan óndiristi jolǵa qoyıp, jergilikli xalıqtı jumısqa qabıl etiw ushın **qayta tayarlaw** hám **mamanlıǵın arttırıw** orayların shólkemlestirgen investorlarǵa oqıtıwǵa baylanıslı **barlıq qárejetleri** qaplap beriledi. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-333-sanlı qararı, 03.11.2025-j. | https://lex.uz/docs/7812318 |

| T/n | Imtiyaz hám jeńillik mazmunı | Huquqıy tiykar | Tolıq maǵlıwmat |
|---|---|---|---|
| 20 | Qaraqalpaqstan Respublikasında **mámleketlik dizimnen ótken** hámde licenziyaǵa iye bolǵan **turoperatorlarǵa 2029-jıl 1-yanvarǵa shekem** óz mútájlikleri ushın, ayrıqsha tárizde, ekstremal túrlerdi shólkemlestiriw ushın dvigatel kólemi **2,4 litrden kem bolmaǵan** joqarı ótiw qábiletine iye transport quralları import etilip atırǵanda bir kalendar jılda ápiwayılastırılǵan tártipte **besewge shekem transport quralın** sertifikatlawǵa ruxsat etiledi. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-70-sanlı qararı, 21.02.2026-j. | https://lex.uz/uz/docs/8066619 |
| 21 | Qaraqalpaqstan Respublikasında turizm hám xızmetler tarawın qollap-quwatlaw maqsetinde maydanı **bes mıń kvadrat metrden joqarı** bolǵan sawda kompleksleri hám miymanxana (jaylastırıw quralları) xızmetleri boyınsha usı aymaqta jumısın ámelge asırıp atırǵan isbilermenlik subektlerine **2027-jıl 1-yanvar**dan **2040-jıl 1-yanvar**ǵa shekemgi dáwirde **jer salıǵı** hám **múlk salıǵı** stavkaları **90 procentke** azaytılǵan halda qollanıladı. | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-70-sanlı qararı, 21.02.2026-j. | https://lex.uz/uz/docs/8066619 |
| 22 | 2028-jıl 1-yanvarǵa shekem:<br>(a) Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında jaylasqan kommerciyalıq banklerdiń balansında bolǵan **múlk obekterin** bazar bahasında qayta bahalap, **10 jıl** dawamında **procenciz bólip-bólip tólew** shárti menen tikkeley realizaciya etiledi; | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-70-sanlı qararı, 21.02.2026-j. | https://lex.uz/uz/docs/8066619 |

| T/n | Imtiyaz hám jeńillik mazmunı | Huquqıy tiykar | Tolıq maǵlıwmat |
|---|---|---|---|
| | (b) realizaciya etilgen múlk obyektleri boyinsha dúzilgen aldı-sattı shártnamalarına muwapıq tólemler **altı ay ishinde tolıq tólengende** shártnama **bahasının 25 procentine teń muǵdarda** shegirmeler beriledi. | | |

***"Qaraqalpaqstan Respublikasında joybarlardı ámelge asırıw orayı" joybarlaw ofisi***


*Baylanıs ushın:*

*Sanaat baǵdarı:* *+998 (61) 222-74-25*
*Awıl xojalıǵı baǵdarı:* *+998 (61) 222-74-21*
*Turizm baǵdarı:* *+998 (61) 222-74-34*